



# Notifikasyon Anyèl Medicaid

Chè Paran BPS,

Eta Florida ap patisipe nan yon pwogram ki rele Medicaid School Match, gouvènman federal la finanse. Pwogram sa a ede distri eskolè yo paske li pèmèt yo resevwa yon ranbousman pou sèvis yo bay Elèv ki Kalifye pou Medicaid yo. Distri eskolè yo souvan itilize ranbousman Medicaid yo pou ede yo jere depans pou sèvis edikatif yo ap bay la.

Pou nou rive ede w plis, nou te rasanble yon seri kesyon moun poze pi souvan pou gide w.

## **Pou ki moun distri a kapab mande yon ranbousman?**

Byenke se tout elèv yo nou bay sèvis, selon sa ekip IEP/504/MTSS lekòl la jije ki nesèsè, distri eskolè yo kapab resevwa ranbousman sèlman pou sèvis yo bay elèv ki Kalifye pou Medicaid yo.

## **Pou ki sèvis Medicaid bay garanti?**

Ègoterapi

Terapi Fizik

Sèvis Enfimyè

Otofofi

Sèvis Sikoloji

Sèvis Travay Sosyal

Sèvis Odyoloji

Transpò Espesyal

Èd pou Sante Eskolè

Tès Depistaj/Evalyasyon

Sèvis Konseye

## **Poukisa distri a bezwen konsantman paran yo?**

Lwa federal la egzije pou distri eskolè yo jwenn konsantman paran yo anvan yo soumèt fakti pou jwenn ranbousman nan konpayi asirans piblik yo tankou Medicaid. Distri eskolè a dwe jwenn otorizasyon ou alekri pou pibliye enfòmasyon yo bay Medicaid anvan pou distri a kapab soumèt kèlkeswa enfòmasyon an pou kesyon fakti. Yo dwe bay sèvis ki mansyone nan IEP a (Plan Edikasyon Endividyèl)/IFSP (Plan Sèvis Fanmi Endividyèl), kit paran/responsab legal la bay oswa pa bay konsantman yo pou voye bòdwo bay Medicaid.

## **Èske gen yon frè pou m peye?**

Non. Sèvis nou bay yon elèv nan kad aktivite eskolè yo gratis pou paran/responsab legal la. Yo dwe bay paran, responsab legal oswa elèv la sèvis IEP/IFSP yo gratis.

## **Èske sa ap gen yon enpak sou avantaj Medicaid ki pa gen rapò ak timoun mwen an?**

Non. Lefètke ou otorize distri a voye fakti bay Medicaid, sa **pa** diminye kapasite ou genyen pou jwenn lòt sèvis sante ki gen pwoteksyon Medicaid ki pa gen rapò ak kad eskolè a. Otorizasyon sa a pa diminye pwoteksyon pou lavi a, li pa ogmante prim yo, epi li pa lakoz yo kanpe avantaj yo. Distri a retade faktirasyon an pou asire toudabò pa gen yon kont doub pou elèv k ap resevwa sèvis deyò yo. \*Metete sou sa, si elèv ou a resevwa sèvis deyò, anplwaye distri a pral kowòdone ak founisè sèvis deyò a oswa retade bòdwo a pou gen asirans sa pa afekte avantaj pitit ou a.

## **Kiyès ki ap wè enfòmasyon sa a?**

Nou ap pibliye done demografik ak enfòmasyon sou sèvis nou bay elèv ou a bay Ajans pou Administrasyon Swen Sante a (Agency for Health Care Administration, AHCA) pou verifiye kalifikasyon Medicaid la epi pou soumèt reklamasyon an.

## **E si mwen refize bay konsantman m? — E si mwen chanje lide?**

Ou gen dwa pou bay oswa retire konsantman ou nenpòt lè. Edikasyon piblik gratis epi ki apwopriye pou pitit ou a ansanm ak sèvis ki gen rapò ak pitit ou a ap kontinye kèlkeswa konsantman an, refize bay konsantman, oswa anile konsantman pou pibliye enfòmasyon pèsonèl k ap pèmèt yo idantifye timoun nan/timoun yo nan Medicaid ak nan Ajans Florida pou Administrasyon Swen Sante (Florida Agency for Health Care Administration, AHCA).

Si ou gen plis kesyon, tanpri kontakte: Cheryl Wratchford, Espesyalis Medicaid, Sèvis Sipò pou Pwogram ESE nan 321-633-1000 ext. 11508 or Wratchford.cheryl@brevardschools.org